

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Kontra pou Rete nan Kay



Èske kote m ap viv la afekte kantite lajan SSI mwen ka resevwa?

Wi, sa kapab. Si w ap viv nan pwòp kay ou, kèlkeseswa ou posede kay ou oswa ou lwe kay, ou ka resevwa jiska maksimòm kantite lajan SSI ki ka peye nan Eta kote w ap viv la.

W ap resevwa tou jiska maksimòm lajan an si w ap viv nan kay yon lòt moun toutotan w ap peye pou manje ak lojman ou. Si w ap viv nan kay yon lòt moun epi ou pa peye pou manje ak lojman oswa ou peye sèlman yon pati nan frè yo pou manje ak lojman ou, nou ka diminye benefis SSI ou jiska **yon tyè** tarif benefis federal SSI.

Èske depans mwen fè pou mwen viv afekte benefis SSI mwen?

Anjeneral, yo pa afekte li. Benefis SSI ou depannde **revni ou**--li pa depannde depans ou fè yo. Men tou, si yon lòt moun ap ede w fè depans pou ou viv, gade anba a.

Esi yon lòt moun ap ede mwen fè depans pou mwen viv?

Nou ka diminye benefis SSI ou pou nenpòt manje oswa lojman ou resevwa lakay yon lòt moun epi ou pa peye pou sa. Men tou, nou pap diminye benefis ou si konjwen ou k ap viv avèk ou ofri ou bagay sa yo. Menm jan tou, si w se yon timoun minè, nou p ap diminye benefis ou yo si yon paran oswa si paran ou yo k ap viv avèk ou ofri ou atik sa yo.

Gen yon limit sou konbyen nou ka konte. Limit lan se apeprè **yon tyè** maksimòm kantite lajan federal SSI ka peye pou yon mwa.

Nou pa konsidere atik ou resevwa epi w pa ka itilize pou manje oswa pou lojman **revni**. Pa egzanp, si yon moun achte yon atik pou kay oswa yon atik pèsonèl, tankou yon ti aparèy menaje pou kwizin oswa yon pyès bijou ki pa vo anpil, nou p ap diminye benefis SSI ou.

Kisa ki konsène moun ki nan enstitisyon yo?

Anjeneral, moun k ap viv nan enstitisyon tankou lopital, mezon retrèt, sant detansyon oswa prizon pa elijib pou resevwa benefis SSI oswa yo ka elijib sèlman pou yon maksimòm \$30 pa mwa (kèk Eta ajoute sou benefis \$30 sa a.)

Men tou, gen kèk eksepsyon. Pou plis enfòmasyon sou eksepsyon sa yo, tanpri gade dokiman Pwen Enpòtan sou **Benefis Pwolonje SSI pou Moun ki Nan Enstitisyon Espesyalize pou yon Ti Tan**.

Kisa ki konsène moun ki pa gen kay?

Genyen yon adrès pèmanan pa yon kondisyon pou resevwa benefis SSI. Si w pa gen kay pou rete, ou ka resevwa jiska maksimòm kantite lajan SSI ka peye nan eta kote w ap viv. Anplis, si w ap resevwa benefis SSI, ou ka anmezi pou jwenn lojman pèmanan.

Si w ap viv nan yon lojman publik, ou ka resevwa benefis SSI jiska **sis mwa** sou nenpòt **nèf mwa** ou fè ap viv nan lojman an. Pou plis enfòmasyon si w pa gen kote pou rete, tanpri gade dokiman Pwen Enpòtan SSI sou Moun ki **Pa Gen Kay**.